# 2014.12.06 №314

**Жойбар**

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕНЕСИНИН ҚАРАРЫ**

**Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2014- жыл 2-декабьрдеги «Нызам ҳўжжетлериниң исбилерменлик хызметине тәсирин баҳалаў системасын енгизиў ис-иләжлары ҳаққында»ғы 328-санлы қарары ҳаққында**

Өзбекистан Республикасы Президентиниң “Өзбекистан Республикасында инвестиция шәраяты ҳәм исбилерменлик орталығын және де раўажландырыўға тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында” 2014-жыл 7-апрельдеги ПФ-4609-санлы Пәрманына муўапық, сондай-ақ Өзбекистан Республикасының Интерактив мәмлекетлик хызметлери бирден-бир порталында нызам ҳўжжетлерин үйренип шығыў ушын шәраят жаратыў арқалы олардың исбилерменлик хызметине тәсирин баҳалаў системасын және де жақсылаў мақсетинде Министрлер Кеңеси **қарар етеди:**

1. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2014-жыл 2-декабрьдеги «Нызам ҳўжжетлериниң исбилерменлик хызметине тәсирин баҳалаў системасын енгизиў ис-иләжлары ҳаққында»ғы 328-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң усы қарары менен:

а) 2015-жыл 1-январьдан баслап усындай тәртип орнатылғанлығы, оған муўапық:

исбилерменлик хызметин әмелге асырыўға тәсир ететуғын ислеп шығарылып атырған норматив-ҳуқықый ҳўжжетлер жойбарлары ҳәм қабыл етилген норматив-ҳуқықый ҳўжжетлер тийисли жойбар ҳәм қабыл етилген норматив-ҳуқықый ҳўжжетти ислеп шығыўшылар–мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўы органлары, жергиликли мәмлекет ҳәкимияты органлары тәрепинен Өзбекистан Республикасының Интерактив мәмлекетлик хызметлери бирден-бир порталында үйренип шығыў ҳәм исбилерменлик хызметине тәсирин баҳалаў ушын орналастырылыўы;

додалаўда қатнасыўшылар тәрепинен берилген усыныслар тийисли жойбар ҳәм қабыл етилген норматив-ҳуқықый ҳўжжетти ислеп шығыўшылар–мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўы органлары, жергиликли мәмлекет ҳәкимияты органлары тәрепинен көрип шығылыўы шәрт;

б) Ислеп шығылып атырған норматив-ҳуқықый ҳўжжетлер жойбарларының ҳәм қабыл етилген норматив-ҳуқықый ҳўжжетлердиң исбилерменлик хызметине тәсирин Өзбекистан Республикасының Интерактив мәмлекетлик хызметлери бирден-бир порталы арқалы баҳалаў тәртиби ҳаққындағы Нызам қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы.

в) Өзбекистан Республикасы Байланыс, мәлимлемелестриў ҳәм телекоммуникация технологиялары мәмлекетлик комитети Өзбекистан Республикасы Саўда-санаат палатасы, Әдиллик министрлиги ҳәм де басқа тийисли министрликлер ҳәм шөлкемлер менен биргеликте:

2015-жыл 1-январға шекемги болған мүддетте Өзбекистан Республикасының Интерактив мәмлекетлик хызметлери бирден-бир порталында исленип шығып атырған норматив-ҳуқықый ҳўжжетлери жойбарларын ҳәм қабыл қылынған норматив-ҳуқықый ҳўжжетлерди үйренип шығыў ҳәм исбилерменлик хызметине тәсирин баҳалаў бойынша арнаўлы бөлим ис алып барыўын тәмийинлениўи;

Өзбекистан Республикасының Интерактив мәмлекетлик хызметлери бирден-бир порталындағы арнаўлы бөлимди техникалық жақтан үзликсиз қоллап-қуўатлаўды әмелге асырыў тапсырылғанлығы.

г) Өзбекистан Республикасы Саўда-санаат палатасына Өзбекистан Республикасы Байланыс, хабар ҳәм телекоммуникация технологиялары

мәмлекетлик комитети ҳәм де Әдиллик министрлиги менен биргеликте исбилерменлик субъектлери ҳәм халық арасында бул қарардың мақсетлери, мазмуны ҳәм әмелий әҳмийетин кең жарытыў иләжларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў усыныс етиў тапсырылғанлығы;

д) Өзбекистан Республикасы Әдиллик  министрлигине бул қарардың мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўы органлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органлары тәрепинен орынланыўын ҳәм сапасы бойынша муўапықластырыўды ҳәм де мониторинг алып барыўды, сондай-ақ зәрүрликке қарай нызам ҳүжжетлери тәсирин баҳалаў системасын және де раўажландырыў бойынша усынысларды Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетине киритилиўин тәмийинлеў тапсырылғанлығы;

е) Министрликлер ҳәм шөлкемлер өзлери қабыл еткен норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди бир ай мүддетте усы қарарға муўапықластырыў тапсырылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3.  Өзбекистан Республикасы Саўда-санаат палатасының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы (Қайыпназаров)қа Өзбекистан Республикасы Байланыс, хабар ҳәм телекоммуникация технологиялары мәмлекетлик комитетиниң Қарақалпақстан Республикасы аймақлық басқармасы (Қоланов) ҳәм де Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик  министрлиги (Худайбергенов) пенен биргеликте исбилерменлик субъектлери ҳәм халық арасында усы қарардың мақсетлери, мазмуны ҳәм әмелий әҳмийетин тастыйықланған графикке тийкарланып кең иләжларын  шөлкемлестириў ҳәм өткизиў тапсырылсын.

4. Министрликлер  ҳәм шөлкемлер өзлери қабыл еткен норматив-ҳуқықый  ҳүжжетлерди еки ҳәпте мүддетте усы қарарға муўапықластырсын.

5. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Мамутовқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ниң Баслығы** **Б.Янгибаев**

Нөкис қ.,

2014-жыл, 6-декабрь

№314

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*